No. of Printed Pages : 2

**बी.बी.एच.एफ. - 001**

00361

# स्नातक उपाधि कार्यक्रम
# भोजपुरी में आधार पाठ्यक्रम
## सत्रांत परीक्षा
## दिसम्बर, 2013
## Course Code : BBHF-001

*समय : 2 घण्टे* *अधिकतम अंक :50*

***नोट :*** ***सभे*** *प्रश्नन के उत्तर देवे के बा।*

1. नीचे लिखल वाक्य में खाली जगह के सही शब्द से भरीं : 5
   (क) कबीर साहेब ________ के रहनी । (प्रयाग/बनारस/अयोध्या)
   (ख) भोजपुरी भारतवर्ष के लगभग ________ हजार वर्गमील के बेवहारिक भाषा ह। (सैकड़न/पचासो/हजारो)
   (ग) डॉ. ग्रियर्सन के लिखल किताब ________ बहुत प्रसिद्ध भइल। (काशीका इतिहास/भोजपुरी फोककल्चर/लिंग्विस्टिक सर्वे आफ इंडिया)
   (घ) 'भोजपुरी भाषा का इतिहास' ________ के लिखल किताब ह। (डॉ. कृष्णदेव उपाध्याय/डॉ.जितराम पाठक/रास बिहारी पाण्डेय)
   (ङ) मध्य प्रदेश के ________ जिला भोजपुरी भाषी जिला ह। (इंदौर/सीधी/खंडवा)

2. नीचे कुछ वाक्य दिहल जा रहल बा। एहमें सही अथवा गलत के पहचान करीं : 5
   (क) 'खुद' पुरुषवाचक सर्वनाम ह। ( )सही ( )गलत
   (ख) 'हम' उत्तम पुरुष सर्वनाम ह। ( )सही ( )गलत

(ग) 'राउर' के आदरसूचक सर्वनाम मानल जाला।
( )सही ( ) गलत

(घ) विशेषण के मुख्यत: चार गो भेद होला।
( ) सही ( ) गलत

(ङ) विशेषण से जवना शब्द के विशेषता बतावल जाला, ऊ विशेष्य ह। ( ) सही ( ) गलत

3. निम्नलिखित पद्यांश के सप्रसंग व्याख्या करीं : 6

तोर हीरा हिराइल बा किचड़े में। टेक।
कोई ढूँढ़ै पूरब-पश्चिम, कोई ढूँढ़ै पानी-पथरे में। 1।
सुर,नर,मुनि अरु पीर औलिया, सब भूलल-बाड़ै नखरे में। 2।
दास कबीर ये हीरा को परखै, बाँधि लिहलै-जतन से अँचरे में। 3।

4. 'मेहरारुन के दुरदसा' नाटक के कथा के बारे में संक्षेप में लिखीं। 7

5. 'रजाई' कहानी के बारे में **250** शब्दन में आपन विचार प्रस्तुत करीं। 7

6. भिखारी ठाकुर के व्यक्तित्व अउर-कृतित्व पर एगो संक्षेप में निबंध लिखीं। 7

7. परीक्षा में पास होखला पर संगी के लगे एगो बधाई-पत्र लिखीं। 5

8. नीचे भोजपुरी के कुछ वाक्य दिहल जा रहल बा। रउआ एकर अनुवाद, हिन्दी में करीं। 5

(क) रउआ कहवाँ जात बानी?

(ख) खाके अँचवल जाई।

(ग) रउआ कहवाँ रहीला?

(घ) ऊ घरे जात बाड़ी।

(ङ) ऊ पढ़त बाड़न।

9. फगुआ के गीत कवना महीना में गावल जाला? उदाहरण के रूप में एगो चार पंक्ति के गीत लिखीं। 3

---